


SIRAWING DUGO TI PAKIDULAN

TATANG.KS

6



SI RAWING DJAGO TI PAKIDULAN ...VI

(Djilid ka genep)

Karangan.
Tatang Ks.

„WARGINA” - BANDUNG.

1970.

Buku³ nu parantos medal:

1. Si Rawing Djago Ti Pakidulan 1—4
Kenging Tatang Ks. masih hantjaeun.

2. Gandjaran Hutang Kanjeri 1—16
Kenging Tatang Ks. TAMAT.

Mangga bae ngagaleuh di toko³ buku nu pangja-
ketna.

GAMBAR KULIT

SUM.

I

Saterusna badan Ibon lir nangka asak murag kana taneuh ngageblug karasa eundeur. ngah untung na teh waktu Gunawan ngabintihkeun sukuna henteu ngaguna, keun tanaga nu dipol, mun bajam tea mah saukur noel keun siib, tapi nadjan kitu mungguh pangersa nu ngaran dapanana mah lumajan oge, geus tjukup pikeun Ibon moal leler ku sakeudeung², tong boro manehna nadjan Djumad djeung Wardi nu tjatjakan saukur kabadug si röh djeung tjangkongna oge kuat ngaharuleng siga nu djarantungeun hemar homir rea kasieun.

„Jah ... tjukup euj..... Iwan!” Murdasim nga. gero bari gantjang ngahadang inggis Gunawan katutulujan nganteur Amarah ngaberung napsu.

Tapi nadjan teu dipikahariwang ku guruna oge keur Gunawan nib teu aja maksud tuluj ngabinasa nemahan pati, manehna gantjang ngolojong ninggalkeun pakala ngan, gek wae diuk dina golodog dibarung ku rumahub

narik napas pandjang tina bakating ku tjape ngajoban tanaga djalma tilu, nu teu lila djurungkunung Djumad pangbeulana nangtung tuluj dalugla daligleu njampeur, keun guruna bari djuru panon meletet ka Gunawan kitu soteh lain gemes dumeuh diteunggeul tapi sieun dipindo deui.

„Henteu tanaon Djumad?” Murdasim gan, tjang nanja, hariwang katutulujan oamburu, sasat murid²na teh engke rek dipeuseuh tanagana pikeun milampah run pad rampid barang batur.

„Keun ka.....ngan ieu we iga saa risek, uhu !” Djumad tuluj babatukan.

„Keun djamak ari kakara ku asa mah asal ulah ong geus we potongna, seueul saeutik mah itung² tidagor siku, heheh.....!” Gunawan gantjang njambut kana pananja guruna ka Djumad bari disusul ku ngabeheh seuri,

„Ngan si Ibon sigana nu rada parna teh.” Murdasim ngarongkong njampeurkeun Ibon nu harita kabeneran manehna kakara ngulisik bari humaregung.

„Naon nu karasa teh Ibon.....?” Murdasim nga² rampa punduk.

„Eeeehh..... !” Tjena Ibon beunta, ret nempo beungeut ana breh teh guruna.

„Dina naon nu karasa teh euj?” Murdasim nanja deui.

„I ieu..... ka tjhh tjareham asa rudj djaduh..... !” Ibon njaritana bangun ngosom

lantaran bari nungkupan tjarehamna kabintih suku Gunawan.

„Tjik dewek neuleul” Mordasim muka leungeuna Ibon nu keur dipake nungkup, ana braj teh paingan hu maregung da latempona geuneuk semu tutung.

„Aaabb..... moal kitu kieu da djauh keneh kana peudjit kai Ibon.” Gunawan njampeurkeun kaorut la, wannab ari las..... las tjarehamna diusap usap, atuh timbolna matak ngabeureugeueun nu njaksian pipi Ibon nu tadina geuneuk teh ngadadak euweuh urut²na atjan malah tuluj goredjag deui sarta njarita lirih.

„Emh..... rumasa kuring katitih pangarti kai Iwan..... kalawan meuta dihampura, untung kuring barita basa dibintih ku andjeun teh tada ngarengkod, mun nagen mah tada teuing geger otak.” Tjeuk Ibon tuluj nga reret ka Gunawan keur njenghel seuri.

„Enja..... kuring ge Bon bagdja katotog hulu angeo teu sabaraha parna, kitu soteh bane we kai Iwana aja keneh tinimbangan, mun sasangkleong mah neung^a geulna moal teu bidjil djeung peudjit ngora ngarana Wardi njambungan bari rada seuri koneng kitu deui Djumad alangah elengh semu nu era.

„Tah ajeuna dewek rek nanjakeun ka maraneh ti luan, kumaha lamun kai Iwan dipake gaganti wakil. kira kirana moal kabaurataan maneh Ibon?” Mordasim nga reret ka Djumad djeung Wardi satulujsa neuteu p beu ngeut Ibon.

„Keur kuring mah taja pikiran kana kabauratan ka malah atoh we nu aja sabab kuring mah geus rada kurang tanaga nu hartina geus rek ka ropoh.” walon Ibon bener² satudju Gunawan dipake sulur ma- nehna.

„Ah kirang sac ka. abdi dianggap wawakil mah margi kabidji djalmi anjar kench, kaduana kirang pauga² laman, atos we tetep kai Ibon sa awon²na oge nu tos lami aja paripaos legok tapak genteng kadek, sedeng abji mah kengeng disebutkeun hirup nembe sore kamari, tjo² bagna bau kench djaringao.” Gunawan nolak. „Abdi mah ka teu wararantun taktak mapakan sirah.”

„Ulah boga ingetan kadinja kai Iwan soaj ilmu panemu djampe pamake djeung dadasar mah henteu tergantung kana umur teu kurang² budak kumeuheur kench geus diwahjuan ku ilmu komo deui sampean nu kasebut geus nintjak dewasa, nu geus njata kapatri ku Pangarti kasipuh ku pangaweruh.” Ibon gantjang mepes.

„Tarima we kai Iwan kuring oge katjida satudjuna, malah komo mun engke milu ka Sariilamping mah katjida sugemana.” Djumad ngolo sangkan Guna wan daekeun.

„Heueuh bener Mad, kai Iwan kudu milu² komo ajeuna sarat geus djadi wawakil nu katjida muoa² sababna djadi rameng dada, atuh ajeuna mah kieu bae soal kazu djaub ulah waka dipilampah, urang ka- dinja we heula ka nu deukeut ka wa: uag mang. Karta.

sabab didinja oge teu kurang loba duit dapuguh ngala sapopoc." Murdasim gantjang mairan bari rentjana ka Sarilamping teh dirobah deui ngagilek rek ngundeur ka kajaan mang Karta.

„Heug wae kuring djadi wawakil ngan sual maksud aka kitu pikeun kuring moal pipilueun !” Tjeuk Gunawan njaritana nadjan singkat tapi tandes. ne te'akeun batonna teu beunang diongget ongget estu nagen kadjaun ngalaman sangsara balangsak batan daek nea ngan redjeki nu teu matak mangpaat dunja aberat

Ngadenge tjaritaan kitu ti Gunawan pikeun Murdasim teu ngomong deui, batena timbul teu genah. atuh reret bae ngareret ka Djumad djeung kanu sedjena tungtungna djadi silih reret nembongkeun kaget hate nu teu lila ting laleos bari barangkeu.

Saaggeus guruna djeung batur²na ngalaleos, keur Gunawan oge henteu angger bae ngadjengdjen, gura giru ngalaan rante nu dipake njangtjang tjotjooan aki Sahmad taja lian lutung nu geus itjeus djeung ngarti.

„Utun ~~.....~~!” Tjena Gunawan ngagero ka lutung nu dilandih si utun, sarta teu leleda djleug bae luntjat kana taktak, geus kitu Gunawan ngagedig maksudna rek ngabedjaan mang Sardji sabab Gunawan inget jen anu rek diranjah ku guruna teh beunang disebutkeun barajana Sardji nu taja bedana pernah adina aki Sahmad, maksud rek ngabedjaan soteh bisi eaja Murdasim djeung muridna tulus ngaburaong.

Teu sakumaha litana Gunawan geus andjog ka lebak nu didatangan kabeneran paréng keur niis dina golodog imahna sanggeus Gunawan kareret kalawan teu bireu. keun deui sabab geus mindeng diandjangan.

„Ach geuning djang Iwan aja naon burit² kadieu bangun nu dines jap unggah ka imah.” Mang Sardji gantjang ngaku.

„Wios didieu we mang raos tiis!” (Gunawan tuluj diuk ngarendeng dina golodog.

„Teu aja kaperluan anu penting djang Iwan teh?” Mang Sardji gentak nanja siga³ nu geus kanjahoan ba- tin²na Gunawan, atub pok wae barita keneh oge diwalon.

„Numawi mang..... wiréh abdi burit² kadieu teh maksudna mah aja taroskeuneun.”

„Kitub..... kitub..... aja tanjakeuneun naon?”

„Dupi mang Karta nu ngawarung sanga teh sanes saderek keneh emang?” Gunawan ngareret kaou ditanja

„Enja..... naha kitu?” Mang Sardji kesit ngawalon tapi kitu oge tuluj ngahuleng siga nu kaget.

„Ah benteu..... eta wae waktos abdi mangkukna amengan kaditu bari sakaantenan hojong ngopi andjeunna wawangkong njebatkeun ka emang saderek.” Gunawan rada ngalegotkeun omongan, lantaran tjeuk pikiroa mun diwaktjikeun aja nu rek djahat ka dulurna inggis gu- djud.

„Ooob..... mahun djang, beunang disebutkeun kapi adi emang kai Karta teh saruntujan keneh djeung

aki Sahmad." Mang Surdi ngadadarkeun kabarajaan, atub komo kitu ngadenge runtuhan aki Sahmad batin Gunawan beuki idjideun kana tingkah laku nu djadi gu^mruna.

„Nuhun we atuh mang ari cerehan keneh ujut Sahmad mah djanten nambahian kawargian.”

„Komo wa loba wargi² mah djang Iwan lain bidji dua, meh salembur ieu wargi keneh aki Sahmad, malah tah beb dieueun warung kai Karta ogo wargina keneh.”

„Saba djenenganana mang?” Gunawan nalengteng.

„Kai Amir!” Walon mang Sardji bari panon ngarin^a dat siga nu sieun dirontok ku si Utun domeh teu daek tjtjtjog dina taktak malah sireh Gunawan di unggu:² siga nu teu sabar ngadjakan indit.

„Eu mang..... bilih wae aja kang Murdasim ata^a napi rentjangan kadaritu naroskeun abdi mah, sanggemkeun teu terang we kitu ~~.....~~!” Gunawan tuluj nangtung.

„Haaarr..... na rek kamana djang Iwan teh sa^a kieu geus buritna?” Mang Sardji nanjena baogun kaget.

„Bade kadinja mang njusulan ujut ka girang.”

„Enja atub..... keun kuemang disebutkeun euweuh kadieu we kitu nja.....?”

„Tab kitu sae mang sanggemkeun teu aja kadieu..... mangga atub mang..... dikantun linggih!”

„Mangga djang Iwan.” walon mang Sardji bari neu^a teup kanu indit leumpang maui ngagedig bangun anu rurusuhan.

Djorelat djleng djleng Gunawan ngaluntjatan
rungkun² nu ngahalangan tintjakeun kitu deui saukur nu
nga rojom² ditjatjar ku kampak, mun harita aja nu mi-
reungeuh ting arojagna tatangkalan kalawan teu tembong
djirimna moal disangka djelema taagtuna oge disangka
sato leuweung, lantaran njerang rerembetan nu sakitu ba-
salana teh katempona bangun taja kakagok pisan lulun-
tjatan teu beda ti peutjang da geus tuman tadi keur leutik
udjang adjleng.

Kuajana Gunawan dibelaan kitu teh taja liao nu di-
maksud iwal rek nulungan nu boga warung, tapi maneh-
na ngadjudjug heula mang Amir pikeun pibatureun,

Datang ka lembur Mang Amir geus reup reupan,
maeuhna teu waka buru² ngadatangan imahna, tapi nga-
randeg heula malah tuluj njalingker sok inggis aja nu
nganjaboankeun lantaran geus djadi kabiasaan manehna
satiap undjung andjang tara gurung gusuh ngadatangan.

Geus tetela eueuh sasaba, djuringkang --- djuring-
kang Gunawan madju deui, tapi teu kira² manehna ngaa-
dadak ngarandjug nu memang tjeulina seukeut naker,
ngadenge djalma nuturkeunana geus boga sangkaan, pasti
rek ngagangguna, sanggeus sidik jen djalma nuturkeun
djorelat Gunawan njalingker ka pipireun imah nu arek
diunggahan, kitu soteh inggis Murdasim nuturkeun.

Atuh djalma nu nuturkeun teh leuwih pelit hatan
Gunawan manehna gentak deui njalingkerwewesenna rada
lumajan nu harita keueh tuluj naradjang dibarengan ku

ngagorowokna nu matak njentarkeun hate.

„Bangsat sia wajib kiwari lagag logog rek neangan badogeun asu !”

„E. eh sabar heula dulur” Gunawan terus ngalegot pikeun ngahindarkeun bahaya, djleug manehna luntjat bareng pisan djeung luntjatna si Utun kana luhur kenteng nu teu kabireungeubeun kudu ngageretak.

Tapi memang beener nu naradjang teh wewesenna matak kaget, manehna geus bisa ngidjir pilumpateun lawan, kalawao sakitjeup pisan manehna ngadjorelat ngandib tempat nu rek ditintjak ku Gunawan, nu pikeun Gunawan mah djadi badis oraj njampeurkeun paneunggeul, ari tje ngalengkab ari biuk wae bidji peureup ngahiuk bangbaraan rek ngabanting sirah, ngan untungna maneh, na oge teu kapalingan seukeut panon.

Sakilat ngaragragkeun badanna njeun gerak djulang ngapak bari dibarengan ku ngaratoa leungeun rek nugar bintjurang, ngan bae jakin lawanna teh istuning matak kaget, kalawan tapis pisan manehna ngageotak luntjat, atuh kitu deui Gunawan rikat hudang, tapi entjan cge nangtungna adjeg pisan, peureup lawanna geus ngaberik deui rek ngahantja dada, Gunawan kesit ngalinggek bari males ngabintih atuh pigeulang djeung pigeulang bantrok diadu. „Duukkkk?”

Timbulna dua lawan pada ngarasa seueul, Gunawan ngadjaregdjeg kuda² teu puguh urus, sedeng lawanna oge ngadjaul ka tukang bari leungeun kekerepengan asa

komper teu puguh rarasaan.

Pikeun Gunawan ngarasa kaget dimana musuh ka-
bating leungeunna teh tara tepika teu humarekeng tam-
polana sok ngagak, tapi ieu mah sigana teh teu kerel²
ukur ngagero hirih.

„Maling kotok!Urang mana silaing teh bab
kumawani kadieu? Walaaaww!” lawanna anu
tipoporongos bari masat bedogna teh ngadadak ngagero
lantaran karasa kana pundukna aja nu ngarangkul buluna
karampa tjawidwid sareng kana lebah dadana aja anu
ngagebaj hideung.

Horeng si Utun manehna sakilat ngarontok punduk
nu rek ngabinasa dununganana, tidituna mah milu bebela
pati.

„Aduh..... naon ieu teh bab..... aduh.....
huhuh..... lawanna Gunawan matak pikaseurieun
leungeunna ngadon pakupis katukang lantaran si Utun
ngokos sirah bari kukuna djakaran beungeut karasana
pating karaut pareurih asa digusruk ku tjutjuk alimusa.

Nempo polahna si Utun batan tjitjing mah anggur
beuki rosa ngagugudjek sirah, lantaran buluwakna ka-
djambret peureuseun, mun djalma mah teksiran tambah
napsu batan karanya anggur tambah pageub nangkel ka-
na punduk.

„Aduh..... tulung..... panglaankeun ieu nu nangkel
kana punduk ---- aduh tulungan ---- !” lawanna Gunawan
menta tulung bari awak purulat purilit sedeng beubeung

alagag euleugeug hajang sidik kanu ngarangkul.

„Ha..... ha..... ha ----, geus eureun Utun ditari
makeun pembelaan ti maneh ngen luntjat kadieu kana
taktak urang..... !” Djlong si Utun luntjat kana taktak
Gunawan bari ak ---- ak ---- uk uk mun djalma
mah taksiran mupuas.

„Numatak oge dulur..... ari djadi djalma ulah
seureudeug teu puguh, timbulna matak tjilaka ku pamolah
sorangan. Utung ingon2 kuriog gantjang ditjalukan mun
diantop sakarepna moal teu beak tah beungeut teh ulah?
beuheung andjeun dikorowot bari sirah digorogot model
ngagorogotan kalapa.” Gunawan ngadjedjeleh bari eng,
geusna njarita kitu teh ngagikgik seuri, tapi seuri oge
bari karunja lantaran ningali beungeut lawanna manira
ratja.

oooooooooOoooooooo

Dua djalma nu tas ngadu djadjaten harita tuluj bog-
 hag sasat teu djaub ti imahna mang Amir, puguh wae
 nu djero imah teh katjida kagetna, rikat mang Amir ka⁴
 luar ana braj mukakeun panto hatena ngagebeg mireu^o
 ngeuh dua djalma nu keur pa hareup² sarta dina gerak
 gerikna matak pitjarigaeun itu ieu oge henteu aja anu
 sawaladjarna.

„Ke ke ke..... Didi! Gunawan tea eta
 teh?” Mang Amir tuluj ka buruan mani teu sirik tururu,
 bun sarta pok njarita deui bari panon iet iet kaditu
 kadieu.

„Laillabailleloh Jwan? Batur ulin ilaing ieu
 teh euj..... kai Didi, piraku nepika parobo deui.”

„Didi..... emh hampura we euj!” Gunawan gan-
 tjang njolongkrong kaurut lawanna nu katelah Didi taja
 lian batur ulin manebna waktu pada² keur budak, anu
 ku harita Didi ajana didinja teh keur ngandjang sasat

ka mang Amir teh uana.

„Astagpirulahal azim tobat Gusti Nu Agung
..... kutan ieu teh kai Iwan? Beu tampolaga nepika
pada2 teu apal ka sobat. Paingan gede wawanenna, teu
sangka baris patepung diaa padungdung nja euj
Emh Wan hampura deui nja kuring!” Tjeuk Didi bari
tuluj pada2 sasalaman sedeng batin mah duanana oge
reuwas kareureuhnakeun.

„Na kumaha paugna bisa ribut teh kai Didi?” Mang
Amir nanja bari seuri koneng.

„Muhun kieu ua, waktos tadi tea abdi kaluar bo-
jong ka tjai, ngadadak ningal nu ngadjorelat dina djadja-
laneun pisan ka tjai, hancu teh udjug² sreik wae ngandung
tjuriga, margi etaningal polahna teu benten nu bade mi-
laampah djabat, ari ditaradjang ku abdi bet matak
kaget ningal wewesenna lain lumajan, barang abdi bade
ngajakeun tindakan kasar ngalugas bedog, teu katingal
timana ngurunjungna udjug² gabrug bae aja nu ngarontok
kana pondok malih teras ngarangsangan kana beungeut
djabi buuk pareureus..... Na sato naon tateh kai Iwan?”
walon Didi nutup tjaritaanana bari panon dipake njidik²
kana rupa sato nu tatjan kabireungeuh lantaran silo.

„Hibih!” Gunawan memeh ngawalon seuri
heula mani ngahibih „Si Utun Di,..... tab geuning
keur ngehephep we ngeklak dina taktak kuring.” Guna-
wan nundjuk kana lutuogna keur anjeutjieu dina taktak
bari renjah renjoh.

„Daek bangkreung teuing geuning lutung si bedul
teh lain ku kitu aja ku itjeus euji!” Didi satuluja mah
ngagikgik seuri.

„Enja!” Walon Gunawan hari mesem.

„Ha ha baahu kutan maneh teh
dirontok lutung Didi? Na atuh teu awas teuing bo-
ga panon teh alah batan ti panon aki? wae sakitu nga-
djentulna nepika teu kadeuleu. Atuh da eta mah lutung
asuhan aki Sabmad nu beunang dipake tanggelaan. Djung
geura aruggah kai Iwan Didi!” Tjeuk mang Amir
tuluj unggah ka imah, kitu deui Gunawan djeung Didi
tjut tjat arungguh gek dariuk dina samak.

Saggeus aja didjarero, Gunawan teu kungsi ditanja
deui paralak wae ngadadarkeun permaksudanana, nu sa-
tulujna menta bongbolongan ka mang Amir pikeun nje-
gah laku lampah Murdasim djeung batur?na nu rek boga
niat djabat ka mang Karta sasat ka barajana keneh
mang Amir.

Ku ajana menta bongbolong kitu teh pikeun Guna-
wan ngarasa biingung lantaran di lain² oge Murdasim teh
guru manehna sapedaran njekel ilmu ti aki Sabmad.

„Eu kutan si Murdasim teh djadi ngagalaksak kitu
kai Iwan? Ku nurustundjung sugan manusa gebleg rek
njeun tjampelak ka dulur aing. Kitu petana mah lain
antepeun, anu munasabah nampa pangawarah.” Mang
Amir ngarasa panas, sigana mah mun harita manehna
teu keur kataradjang bitisna kalingsir mah moal teu nge-
.

gedig njusul Murdasim komo kitu aja bedja rek milam.
pah djabat ka dulurna.

„Muhun mang diemut kadinjana mah sawadajibna
urang kudu ngabadang kana laku lampahna Murdasim
malih emutan abdi mah sanes andjeunna wae sanaos nu
sanes oge satinggal nu bade ngadjabat wadajib ku
urang diijegah kasarna dibasmi hartosna urang ngabela
kanu lateuik, umumna mah ngadjadi kateogtreman rajat²,
peupeuriheun amal ibadah ku harta ku barda henteu,
atuh ngiring² ngaping kana kaamanan dulur dulur urang
nu satunggal umat Paogeran.”

„Isatuh puguh we katjida atohna kai Iwan bo”
ga pikiran nulung ka sasama hirup mah memang kitu
kuduna sili bea’an sili tu lungan, ulah nu susah tambah
diruksak, nu redin tambah diirik, djalma nu sarakab
tambah nerekab.

Malah ke’jap amal ibadah eta teh lain ku dunja
brana wae ku djalan nulung ge geus djadi amal keneh,
komo lamun djeug dack mere maweh kanu teu boga
mah katjida alusna, pan tadi oge aja basa nulung kanu
butuh nalang kanu susah mere maweh kanu teu boga,
nganteur kudu kanu keueung nu tarpa butuh ku pamu-
dji djeung hurub, lantaran nu malesna mah saba welain
bae ti djalma nu ditulungan ku urangtah ajeuna ku-
maha atuh maksud Iwan teh?” Mang Amir tuluj neuteup.

„Manawi abdi teh ngaraos bingung..... wireh Mur”
dasim kengeng disebatkeun guru abdi !” walon

Gunawan ngabuteung

„Aemhh.....!” tjena Didi humandeuar. „Ajeun-
kieu was kai Iwan..... lamun sakira kira didinja rada
rumegag ngawarah Murdasim keun ku kuring, asal di
djadjapkeun we tempatna ua Karta, pikeun kai Iwan mah
ngadjaga kuring we dimana bobor karabajuan kudu gan-
tjang disambut.

„Ta kieu meunang kai Iwan bareng djeung kai Didi,
ngaa kade we sing iatna, lantaran memang wewesenna si
Murdasim teh kawilang tjukup, tong boro manehna tjaajak
muridna oge rada tjukup kawani. Ngaa eta we moal ma-
nehns geus kadaritu kai Iwan?” Mang Amir beak² sa-
sabat,

„Ah..... moal rupina mang, margina andjeunna
mah teu kersa angkat sonten² sanaos ti bumina siang ke-
neh oge sok ngabadjaliren heula didjalan ngantos poekna.

„Hech..... djung kaditu buru² geura indit ku e-
mang didoakeun.” Tjeuk mang Amir bari ngareret ka
Didi nu harita geus singkil kalawan njoren bedog, sedeng
Gunawan mah ngaa ukur mawa kampak djeung si Utun
nu teu daek lesot tina taktak.

Saoggeus aja pangdjurong mah djut Gunawan djeung
Didi tarurun tuluj laleumpang pating garedig tanwande
pada garilig sedeng djalanna kukurubutan kanu suni,
bras ka kebon enteh, tuluj nurugtug kalebak..... nu teu
sakumaha lila andjog ka djalan kontrak.

Memang nu teu djsuh tina sangkuan, Murdasim kawat baturna duaan geus lumampah pikeun ngadjalankeun djabatna nu rek dipake sasaran taja lian imahna mang Karta nu boga warung sangu di parapatan jalan breg ka Argabinta. Nu teu ditjaturkeun didjalanna Murdasim djeung baturna geus tarepi ka patempatan mang Karta. ngaran² pakampungan anu djaub kaditu kadieu.

Nadjan tjan sakumaba peutingna oge kaejaanana teh geus simpe tjomrek taja nu wani kumalampreng sasat tempat genting teu towong rampog, teu suda loba bangsat teu sirikna unggul peuting kudu bae aja nu ka palingan. Tapi nadjan simpe tjomrek oge diantara dua tilu imah radjeun aja keneh nu njaring, buktiwa dihidji imah kadenge sada barudak keur ojon breg breg djeung dulurna bari pating tjiribil, kitu deui budak leutik nu ogo mah gawena teh ngadingdiut bari teu kalis nampa panjentak ti indung bapana nitah repeh.

Kitu deui dinu sedjenna kadenge hawat² sora awewe keur ngadji mani halimpu naker ngagalindeng ombak banju tur ninggang pisan kana idpa idkomna, ka tambah² dina kaejaan waktu ti peuting nu meudjehna sepi djempring, atuh puguh wa tumerapna kana batin nu masih keneh njaring mah mani asa kaletir hare tingseredet bruh breb inget kana sagala dosa perdosaan, karut inget kana waktu piadjaleun.

Antukna matak nimbulkeun ting puriding bulu punduk lantaran ngadadak katjipta lawang naraka djahanam, mo-

longpong tembong umplak umplakanana godogan timah
dina kantjah, muu geus njaho mah moal beda ti umpla^r
kanana lahar tina djero gunung rek bitu nu disebut kawah
Tjandra dimuka, geus moal salab deui kantjah godogan
timah eta pikeun piragrageun manusa nu hirupna sarakah
ngawungkel ngagugulung kamaksiatan kalawan nukang
nonggong api lain ka Pangeran nu disebut Murad.

Boga rasa kitu seteh tjeuk djalma nu enji 2 tebel
imana kalawan taubid kanu Kawasa, tapi mungguh tjeuk
barinna mah Murdasim katut batu²na mah, djauh tangeh
kana boga pikiran kitu, nu puguh mah beuki kolot teh
lain cling, anggur tambab sarakah, ngaladjur napsu ngum-
bar amarah nganteur kana pangadjakna setan, tigin kana
panarik iblis, idadjal njangsang numpakan ragana, temah
na djadi djahat, nu harita manehna tuluj ngagedig nudju
ka hidji imah nu rek dipake sasaran, sangeus andjog
reg areureun, panon ti tilu djalma pating rarindat, wanda
rindat djalma murad. sorotna panon teu beda ti sorot
mata singa.

Geus kitu ketejep Murdasim leumpang deui ngadeu,
keutan panto imah serepet mesat bedog srek
srekbrah wae bilik bedah meunang nurih, kelong-
kong leungeunna sateulah dipake ngodok tulak, nu teu
hese braj wae muka tuluj arunggab, giler panon Mur-
dasim ngareret ka Djumad tuluj nundjuk ka lawang nu
hartina nitah ngadjaga lawang bisi aja djalma unggah.

Tidinja ketejep Murdasim djeung Ibon ngadeukeutan

lawang kamar nu teu pati sidik lantaran sinar lampu tempel teu pati tjekas meretretet siga rek peureum. Atuh braj wae digedean, djuringkang Murdasim nempo ka kamar didinja oge ditjaangan ku lampu tempel nu ampir pes pareum.

Gur digedean deui, breb wae didinja teh katingali mani atra nu boga imahna taja lian Mang Karta djeung pamadjikaana keur ngageubra sarare. Serepet Murdasim mesat bedog mani ngagurilap kasorot ku sinar lampu, beg ngalieuk ka Ibon tuluj leungeunna pepeta mere isarah nitah neangan tali pikeun ngaringkus nu boga imah.

„Ka..... enggeus wo lah perenan sakalian njawana!” Ibon ngabarewos bari panon ngarindat kanu keur sare.

„Hib..... entong, keun sina pandjang umurna ngarah undeur udeureun engke.” Murdasim males ku harewos.

„Bon..... neangan tali keur ngaringkusna euj.....!”

Baseuh keueh piwir Murdasim njarita kitu, mang Karta ngulisik lilir, njah panonna beunta, atuh lain di kira reuwacunanana teh dumeuh njampak djelema duaan nu dedeganana matak pikagilaun djaba ngalugas bedog di tudjukeun kanu boga imah, tapi nadjan kitu oge pikeun mang Karta euweuh maksud bajang ngagorowok menta tulung, sumawonna bergerak ngalawan teu wasacun, ma nebna anggur merong olobok mata sinicuteun, siga nu kasima bari awak ojang kabeh ngadegdeg lir nu kaserang

muriang nirisan, mungguh hate mah njakitu asa sakeplas keplaseua niggs beuheung mireungeuh bedog sakitu sa, reukeutna.

„Awat sia Karta..... muu bajang pandjang umur montong gudjrad, da kaula mah lain rek ngarah pati silaing, tapi rek ngarah duit djeung harta banda.” Tjeuk Murdasim ngantjam. Bontong boro aja antjaman kitu da, dihenteuna oge pikeun mang Karta teu bisa hodjah baé danna diringkus dihidjikeun djeung pamadjikanana, geus kitu wel sungut duanana didjedjalan kararas daun tjau nu majak dina dadaser lantaran neangan lamak harese.

Geus rengse ngaringkus, kodjengkang Murdasim kakaratak kana gupet kitu deui kana koper, tapi euweuh doitan iwal ti barang njamuk wungkul, sipating duit djeung barang perbiasan mah euweuh atuh njel Murdasim ambek djedud kararas nu dipake njotjokan sungut mang Karta teh ditjabat deui. „Dimana perbiasan djeung duit Karta ? Awat sia lamun teu dituduhkeun njimpenna kapaksa njawa sia ngalajang!” Gurilap bedogna diatjungkeun sarta disantongkeun kana lebah tikorona.

„Iitu..... di dina handapeun..... ka kasur!” Walon mang Karta bari ngadegdeg, atuh wel sungutna ditjotjokan deui ku kararas daun tjau, sarta Murdasim njingkabkeun kasur, ana breh teh njaan duit aja mani majak anu teu kaitung lobana, atuh teu loba pangaturan itu ieu deui kabeh dikukud estu sapeser oge

Teu disesakeun, kitu deui perbiasna djeung pakean anu wareuteuhna digembol ku taplak modja.

„Rieg ----- rieg -----!” karasa palupuh ririegana siga nu katintjak ku djalma nu leumpang, atub djorelat wae lbon kaluar ti kamar meh bareng djeung ngalieukna Djomad nu keur ngadjaga lawang.

Ari gok teh boreng bidji lelaki tengah tuwu kaluar ti dapur kakara tjangkat tas sideang lantaran ngarasa tiris ku hawana di pagonungan.

Teu kira² eta djalma teh ngagebegna, lantaran ari unggah ka tengah imah ari gok panggib djeung dua djalma nu matak pikasieuneun sarta ngalalogas bedog, atub eta djalma teh ngarogo bari sunggut tjalawak panon olo, hok mata simeuteun teu beda anu sawan, kituna teh palebah beuheungna disantongan tjongo bedog.

„Ulah ngagorowok sia -----” tjeuk lbon bari habek wae dibanting palebah pubu tjeulina pisan, kalawan teu bisa kumaha deui djalma nu dipeupeuh teh kontan ngabangkiting malah tolu ngagebruna rubuh teu usik deui hubuhan diteunggeul mamarasna.

Putus eta nu teu lila ngurunjung deui nji modjang rupana mani geulis keur meudjehna rumadja putri ngalanggar bidjil ti kamar anu maksudna mah arek nempo nu ngagubrag tjeuk taksiran manehna bisi utjing ngatjak² kana dagangan.

Kakara oge rek kodjengkang ngalengkab ka tengah imah geus diburu ku lbon disered deui sina asup ka dje

ro kamar bari dadana disantongan tjongo bedog sakitu
seukeutna kalawan panon si Ibon nu sakitu bolototna
teh merong kana beungeut sedeng biwir mani ngadadak
kumerap ngarasa uruj nempo biwir nji modjang mani
eutjeuj bangun kareueut.

„Nonengtjrang herang..... denok demplon piboa
djoeun kakang anu mentjrang..... ulah gerub nja geulis
..... bisi ke etana nu eutjeuj ku kakang dikenjot,
hunjur sakembaranana digemol nja.....? Ha.....
heheh.....!” Tjeuk Ibon alangah elengéh bari tuluj
njered nji modjang undur2an, kituna teh si Ibon kawas
nu teu reugeudjeug, kek wae punduk nji modjang di
taugkeup ku leungeun kentja bari bangusna diasongkeun
rek njium pipi nu geulis ngan bac teu kungsi tjelengok
lantaran kaburu ditjabok satakerna.

„Kurang adjar sia garong!” Nji modjang
njentak bareng djeung dampal leungeun katuhu ngadje
lebet.

„Ambuing --- nurus tundjung sia awewe² humajua
tjampelak.” pokna Ibon bari reketek ngaringkus badan
Nji modjang ku tambang sasampajan, wel deui sungutna
didjedjalan lamak butut nu njelap dina sesela palangdada.

„Ibon --- Djumad --- buru kaluar!” Tjeuk Murdasim
sanggeus peperenges mah marentahkeun hatur²na kudu
kaluar ti heula, nu teu leleda duanana djlung djleng la
lantjatan kaluar, kitu deui Murdasim.

Kangaran djalma djabat sarebu kali tjukup kawani.

teu ringrang dumeuh boga pakarang, ari dina emprona kabentak mah radjeun geumpeur, nu harita teu kubanteu kakara oge narintjak raneuh, ngadadak aja nu ngolebat kasinaran ku tjahaja bulan sapasi marengan tjaangna lantera ngagantung dina usuk awi bari burungna oge tiba tjolak².

„Montong waka ngedjat sia babi.....!” Bentakna bidji djalma bari djleug luntjat tinu suni kanu rada negrak.

„Ajonaa ku sia Ibon.....Djumad! Aing rek terus ngundeur si Sulaeman, ke ku sia susul kaditu.” Pokna Murdasim bari rarat reret anu tjekuk pikirna naha aja euweuhna baturna eta djalma nu ngabentak geus sidik ngan saurang mah belenjeng wae Murdasim, lumpat aing-galkeun baturna

ooooooooOoooooooo

III

Tjaturkeun Gunawan djeung si Didi nu barita oge basa Murdasim marentabkeun ka baturna kudu ngajonan djalma nu ngabentak tea, manehna geus aja veur ngintip di kebon hui nu perobabna teu sakumaha djauh ti imah mang Karta, malah sakumaha tjaritaan Murdasim rek tuluj njungkud barang²na Sulaeman oge sasat anakna mang Karta, estu atra pisan kadenge.

„Di ----!” Gunawan ngaharewos. „Wajahna aping eta djalma nu ngabentak bangsat teh, ke dimana katingali rada kasoran gantjaog bantu, kuring rek ngaberik si Murdasim bisi enja manehna tuluj ka Sulaeman.”

„Heeb ----djung kaditu geura indit keun ieu mah disinghareupan ku kuring.” walon Didi haten enja² gilig rek milu bebela pati bakuna mah kanu djadi toa.

Sanggeus Gunawan yakin indit, pikeun Didi teu wa ka waka mantu djalma nu dihurup lantaran katingali wewesenna rada lumajan, bari dina hate mah tanda (a)

nja saba²na eta djalma nu keur ngajonan dua djalma
teh lantaran teu pati katingali rupana.

Geus teu loba nu dipikir deui Gunawan ngabelenjeng
lumpat djalan kukurubutan kanu suni dibarung ku hate
gilig taja kainggis, teu keucug teu sieun estu teuneung
ludung boga niat rek bebela pati.

Ningali gerak gerikna eta djalma kawilang ranjingeu,
siga² boga teureuh djago, dina njekangna teunggeulao
kawilang hebat oge, geus puguh dina mitjeun serangan ti
pibak lawan sa gilek²na teh mani matak deungdeuleucun
kabita ku gerakna maude.

Teu lila serepet eta djalma nu dihurup teh kakara
ngalugas bedog lantaran mireungeuh lawanna srut sret
ngalalugas badog ting hariuk matak sentar mun kabentar
kitu sotenan tjeuk nu teu boga wawanen. tapi kunu di-
burup mah anggur siga nu ngahabi buta bedogna terus
ngubeng mangrupa sambaran kilat nu matak mateni ditu
beunangna.

Bedog ti si Ibon djeung si Djumad katingalina ku
Didi siga nu teu aja dajana, duanana ting koleweng awor
djeung bedogna ti pibak lawan nu tumerapna keur kadua
djalma matak geumpeur, nepika si Ibon djeung Djumad
djlung djleng laluntjatan lantaran bedog ti pibak lawan
terus terusau rek ngatjak² dada, teu kitu terus njewuk
kahandap rek njatjar belangkeun babadjeg lawanna.

Tapi nadjan seraganana tjukup hebat oge sabodo-
na djalma nu dua bari boga hate djahat nu geus njata

toh pati djiwa ragana katambah boga warah ti Murda-
sim sasatna teureuh gerak ti aki Sahmad, nu timbulna
djalma saurang teh meh mehan teu bisa ngajonan dise-
rang terus²an ti dua djurusan, antukna malik kawalahaa
digempur tiluhur ti bandap.

„Ha ---- ha ---- ha ! Modar sia ajeuna mah,
humajua naker gede hate ngadjadi ka aing setan ---- !”
Tjorowokna si Ibon bari kolebat bedogna rek narok si-
rah, sedeng bedog ti si Djumad njuluduk rek niir ke-
kemplong.

„Traaaaakkk !” Bedog si Ibon katakis, gilek
..... beletuk pigeulang leungeun si Djumad beunangka-
samber ku suku ti pihak lawan nepika bedogna kuat
ngoleweng, kitu deui badan djalma nu saurang teh rada
dojong katukang, sedeng sukuna napak sabeulah lantaran
nu sabeulahna deui dipake nadjong, ahirna badan eta
djalma teu aja kasimbangan, nu saterusna ngageblag
malah ti beubeutna nangkarak bengakang.

Bareng djeung ti beubeutna eta djalma, bedog ti si
Ibon djeung ti si Djumad ting hariuk rek ngahantja ba-
daa, mun bedog ti si Ibon diheumatkeun rek narok
sirah, bedog ti si Djumad njuruntai mantjo kabareup
rek nobros dada, tapi memangna eta djalma nu saurang
masih ditangtanjungan keneh ku Pangeran, njata tjan
waktuna adjal ku pakarang ngadadak nu teu kanjabo-
aneun kuuu tarung aja nu ngolebat teu beda ti bascup
ditiup angin.

„Trak trak !” Bedog ti dua djurusan
pada awor bantrok djeung bedog nu make kakuatan
tanaga katjida hebatna matak sentar anu nempo.

„Duh djrot ! Aduuh !” gorowokna sora
njeburkeun aduh, taja lian si Ibon djeung si Djumad
ngadadak kontan ting gedebut blug bleg teu beda ti tang-
kal kai nu rungkad.

„Ha ha hahh !” Geura budang deui
siabadjangan, taja hartina radjeun ngadjago bari ngaburup
djalma sasiki.” Nu ngolebat tadi teh njaho² geus nga-
djega melaau djalma anu diburup ku si Ibon djeung si
Djumad tea, boreng si Didi.

„Alhamdulillah kai Didi tea ieu teh?” Tanjana
eta djalma bari teu sirikna ngarangkul.

„Eaja !” Walon Didi rada hookeun sarta ma-
nehna oge nele² kana rupana anu nanja. „Kelanan
na saha ieu teh?” Didi malik nanja.

„Pan emang ti Sarilamping, piraka nepika teu wawuh
ka batur sakapal.”

„Na saha tea ieu teh?” Pokna Didi nanja deui.

„Ieu teh emang Antasim tea.” Walonna nga-
bedjakeun ngaran sorangan bari terus njampeurkeun.

„Gusti Nu Muha Sutji kutan mang Antasim?
Naha geuning emang peuting³ aja didieu, na imba tiditu
djeung naon maksudna kadieu?” Didi ralele naker lanta-
ran ku hookeun.

„Ke wajahna beula kai Didi emang moal wa-

ka dungang dongeng itu ieu, lantaran kabidji tjape keneh atuh kaduana teu munasabah wawangkong dilain tempat na." Walon Antasim bari ngabegek.

„Heug atuh..... engke we di imah ua kuring, ajeuna mah urang meresan heula ieu mangkeluk bangsat nu djamago bajo harudang sia badjingan keujeup apa.....!" Didi morongos ka dua djalma, kalawan teu leleda si Ibon djeung si Djumad ting koredjat harudang bari ting rarindat deui, kataksirna ku Didi mah siga rek bergerak dumeh beda tjingeusna, atuh djorelat wae di, deukeutan.

Na ari kituna teh ari srog Didi ngalengkab, ari be, rengbeng oge duarana kalalabur mani teu sirikna notog notogkeun maneh, antukna Didi djeung Antasim tjareu^u leumeut bari hate handeueul tjampur hajang seuri koneog, tjeuk pikirna Didi njana² baris mabur mah naon salahna mun barita di badjeg heula tjekerna.

„Nurustundjung si kasebelan teh anggur mabur, nja na njana rek mangpret mah ditjatjar heula tjokorna kai Didi." Tjeuk Antasim ngarasa handeueul.

„Ah..... keun bac mang Anta da geus mabur ka^u lawan urangna salamet, ongkobanan kuajana kuring bisa tepung didieu djeung emang teh sasat boga niat rek nu lungan toa, nja ieu pisan imahna nu tos diunggahan ku si bangsat kotok tea. Man urang ngalongok heula mang Anta." Tjeuk Didi bari terus arungguh ka golodog, sna braj muka panto, hatena ngagebeg dumeh ditengah imah^b

aja lalaki tengah tuwu keur ngabebenggang teu usik usik, taja lian djalma anu dipeupeuh ku si Ibon tea, geus kieu ret. Didi ngareret ka kamar mireungeuh toana keur ujak ujak meunang ngaringkus dibidjikeun djeung pama djikanana, atuh kodjenggang wae Didi njampeurkeun sarata pok nanja bari tambang nu dipake ngaringkus teh dilaan.

„Ua kumaha salamet?”

„Aduh Sukur euj hadieu puguh ua teh ampir ampiran moal boga njawa, bieu kaunggahan eu” wah euwah bangsat kotok.” Walon mang Karta bari ugoredjat budang.

„Leres ua sareng abdi oge kantos bantrok di luar, kalajan kantos tarung beula sareng ieu emang mung waktos ku abdi bade dibantja kabudjeng si bangsatna malalabar.”

„Na saha ieu teh Di?” Mang Karta nuodjuk ka Antasim asa² anjar pinanggih.

„Sami pada² batur sakapal ieu oge ua. eu mang Antasim namung tangtos ua mah teu uninga.” Walon Didi bari ret ningali deui kanu keur ngadupung.

„Har kutan ,Sukur wo atuh!” Tjeuk mang Karta tuluj njolongkrong ngadjak sasalaman ka Antasim bari nganuhunkeun.

„Ari ieu kuaon ua bet ngadupung wae?” Tanja Di bari nundjuk kanu keur ngadupung.

„Meureun ditimpug ku si bangsat Di da tadi

teh kadenge sada nu ngageblag, ua mah bororaah miro
sea ka batur sasat diri ua djeung ua awewe oge ampir'an
paragat, sedeng tjongo hedog geus narongoh dina beu-
heung." Walon mang Karta tuluj ngodjengkang ras inget
ka Nji modjang bisi kumaha onam, ari gok teh ditempo
hereng keur usaj usej hajang leupas tina pangringkusna,
nu teu barese porosot tambangna dilaan, sarta mang
Karta njampeurkeun deui ka Didi manehna keur njaksian
Antasim ngadjad anu ngudupung tea kalawan teu li'a
kulisik lilir nepika bisa hudangna.

„Ua.....!" Tjeuk Didi ngagero ka mang Karta.

„Wajabna we abdi moal waka dungang dongeng
naon² da tos salamet ieu perkawis barang² teu aja wi-
os ulah dianggo emutan, pokona salamet salira oge pi-
rang² bagdja, barang onaman tiasa kagentosan deui. Tah
ajcuna abdi permios heula margi aja kaperjogian anu
sanes manawi teu aja pameogan abdi kadieu deui."

„Na rek terus kamana deui atuh kai D. di teh?
Padahal enggeus we meuting didieu balik oge hariwang
djaba geus peuting teh ongkoh djauh." Mang Karta siga
nu embung ditinggalkeun boga rasa sieun nu djarahat
balik deui.

„Gampil ngendong mah ua insja allah ku abdi di
endongan, kumargi ajcuna mah abdi ajaperjogi penting⁴"
Walon Didi maksu rek indit kalawan teu daek ngabedja-
keun rek njusul Gunawan'keur ngintjor Murdasim nu
boga maksud djahat ka anakna mang Karta, lantaran

tjeuk pikiroa mun dibedjakeun inggis hatena nambahon reuwas.

„Heug atuh ari maksa wae rek indit mah didoakeun ku ua sing salamat, ngan engke dimana geus salse omat ulah tea kadieu.” Walon mang Karta.

„Insja Allah ua sami2 urang sili doakeun, nam mang Anta urang indit deui wajahna we tjape³ oge.”

„Ah na make djeung tjape sagala ari aja ka⁴ peutingan dines mah, tong boro kakara sumaba ka pi⁵ lemburan dalah ka leuweung geledegan oge baju teh teuing keur emang mah sadia wae, ongkobanan emang oge saolah olah perlu kasambut sunat kalampah sugan djeung sugan bisa tepung djeung nu rek diteangan.”

„Na rek neangan saba emang teh?” Didi ngarasa kaget.

„Teu sing engke we dirjaritakeunana mah, lantaran euweuh waktu bisi permaksudan kai Didi kaburu gagal, baju we ajeuna mah urang indit” Walon Antasim kalawan tjan wani pok nerangkeun naon maksudna lu-
mampah ti lemburna ka Tjipelah,

„Eoja atuh ua mangga dikantun linggih sareng doakeun deui abdi.”

„Heeh pek didoakeun ku ua sing salamat kalawan sing hasil maksud, ngan omat isuk ulah tea kadieu.” Walon mang Karta hari pok deui nitah datang.

„Mangga ual” Djuc Didi katur mang Antasim ta-
rurun kalawan pantona ku mang Karta ditutupkeun ma-

jab ditulakanaana.

„Kelanan mang Anta.“ Tjeuk Didi bari ngarandeg pipireun imah mang Karta.

„Ari tadi katingalina ku emang bangsat teh kabehna sabaraha urang?“

„Nu katingalina mah tiluan, ngao nu saurang geus pangheulana mabur kalawan mawa buntelan, moal salah deui buntelan barang², nja anu duaan mah bieu we basa dibanting ku kai Didi tea malaburna teh.“

„Aaahh..... djadi ngan tiluan meureun nja?“

„Enja tiluan we euweuh deui baturna.“ Walon Anta tasim bari neuteup.

„Kadjeun ari ngao tiluan mah, nam atuh tuturkeun kuring.“ Tjeuk Didi bari bral arindit patinggaredig mapaj mapaj kebon huma nu maksudna mah taja lian njusul Gunawan keur ngaberik Murdasim nu arek tuluj ngukud barang² anakna mang Karta.

oooooooooOoooooooo

IV

Memang teu salah tina sangkaan, nurut bukti anu njata, waktu Murdasim ngabalitjet bari ngagondol barang² teh manehna terus muru ka imahna Sulaeman taja lian anakna mang Karta, sedeng Gunawan ku waktu harita keur ngagedig semu nu rusuh bari hatena njata gilig euweuh karisi karempan tjatjak lumampah njeorang nu bangsa saruni, lantaran tjeuk batinna lain rek milana pah goreng tapi estu rek hebel pati ka sing saha djalma nu bakal ngarandapan tjilaka, pokona sakur nu kanjahoan ku manehna pasti ditulungan.

Kadjeun teuing tjeuk paribasana njingareupan sato galak hamo diajonan, komo deui pangkat djalma nadjan kumisna ngadjedig sagede bitis, tangtungan sakumaha djangkung gede oge, tjadu wongkut haram dampak, moral ngedjat satundjang beas, tjeuk tjohagoa nadjan pibak lawan elmuna tjukup moal diukur, pangabisana moal di depa, sumawonna djangkung gede moal ditaradjean.

Sangeus Gunawan lumampahna geus nJORANG kebon enteh, dina palebah pupudunan nu geus rek deukeut ka lemburna Sulaeman ngadadak rantjingeus lantaran tukae ngeun kadenge sora djalma ngabrigbrig lumpat, atuh kuliwed bae nguliwed kanu singkur ngadon njempod ka handapeun taogkal huni, kitu soroban lain sieun tapi arek ngintip.

Teu sakumaha lila sora djalma nu ngabigbrig lumpat teh ngaliwat pisan kabareupeunana, anu eta djalma teh teu ningalienn da puguh kahidji poek katambah teu rarat relet, estu tonggog nguungkug.

Saadjan enja harita bulan geus rek surup oge tiba remeng remeng, pikeun Gunawan mah teu kapalingan awas paningslian, horeng djalma nu ngaliwat kabareupeunana teh sidik pisan Murdasim mamanggul gembolan basilna maling barang² ti mang Karta. Djadi yakin lumpatna teh kapiheulaan ku Gunawan, ngan bae ajeuna bisa pangheulana Murdasim datang ka imahna Sulaeman teh dumeuh Gunawan njalingker, bari dina sawatara djongdjongan nunggu heula bisi baturna Murdasim nu turkeun pandeurieunana.

Tapi anu ditungguanana bet euweuh wae, atuh leng Gunawan rada ngahaleng mikiran baturna Murdasim bet euweuh nuturkeun, tjeuk pikirna Gunawan naha miheulaan balik atawa papisah di djalan.

Sasat Gunawan teh keur boga niat rek bebeta pari tea, dina mikiran baturna Murdasim teu kamalinan.

gantjang tjengkat deui sarta tuluj ngagedig, djorelat²
..... brek depa handapeun tangkal djeruk gigireun
imahna Sulaeman ngintip heula gerak gerikna Murdasim.

„Trok trok trok!” Katingali Murdasim
ngetrok² panto ku tungtung bedogna, tapi pikeun Guna-
wan rjan wani ngaharu ganggu diantep heula sina asupna
lantaran bisi gagal.

„Man..... Sulaeman!” Tjens, tuluj ngagero nu boga
imab maksudna ngarah kapiandel anu wawuh, kabenc-
ranana teh pareng lilir.

„Sab..... sahaaa.....?” Nu tidjero imah nanja.

„Kuring..... adub Man lengen tulungan..... eu
..... itu abab maneh kaunggulan bongsat..... buru
euj bisi kuma opam.” Walon Murdasim pura² dibarung
ku ambekan dihegak begak ngarah kapiandel anu reuwas.

„Saha tateh mang Asik?” Nu didjero imah
nanja deui.

„Eoja..... emang..... lengen Man djeung emang
urang neang abahna bieu kuring kabledjaan ku punduh
ongkobanan diparentahkeun kudu ngaronda.” Pokna
Murdasim nu matak nimbulkeun pertjajana kaan boga
imab, sarta harita keneh kulutrak tulak panto dilaan
maksudna rek nemonan nu ngageg-ero.

Atub timbulna teh reuwas lain meumeueusan, ana
braj panto dibuka ana kolenjaj bedog nganggang bareng
djeung ngagorowokna nu rek ngarah pati.

„Modar sia! A aduubb.....!” Murdasim

anu tadina geus rek keplas nigas beubeung teh ngadadak
njebutkeun aduh tarik naker kalawan bedogna ngolewang
meb rek ragrag, lantaran teu kanjahoan datangna aja ba-
tu saluhureun peureup nimpug pisan kana pigeulang kuat
ka leungeun Murdasim kekeropengan asa di timpug ku
barera.

Puguh we pikeun Sulaeman mah kagetna teh lain
dikira, sakitjeup oge manehna geus bisa naksir jen eta
djalma teh rek ngadjabat, ku kituna rikat Sulaeman
ngarawel barera urut dipake tulak paato, lantaran eta
nu aja.

Sebrut wae naradjang Murdasim nu harita keur nga-
djega dina golodog ngan wae nu ditaradjang teh tjukup
rantinggeus sanadjan leungeun asa potong oge manehna
ngagentak njingjet, atuh Sulaeman seranganana naas ma-
lah njolontod tuluy kaluar meb titotog pisan.

Gilek Murdasim malik sarta teu aja antara
manehna gentak luntjat ngudag lawanna anu geus aja
diburuan sarta bedog diembat rek njabet tjangkeng djom-
relat djing Sulaeman luntjat ngahindarkeun ba-
haja.

Seuneu amarahna Murdasim geus teu kagambar
nguntab nguntabna teh lantaran mireungeuh pibak lawan
sakitu tjing tjeungna, oge bari hatena mah ngarasa ka-
get pangna leungeun asa potong teh memang aja nu
ngabentur, ku kituna geus teg wae boga sangka, jen pas-
aja djalma sedjen nu geus ngahadja bebela pati kapibak

lawan, nu tjeuk pikiroa deui Murdasim moal salah djalma nu ngabentur teh lain djalma djore².

Nadjan boga sangkaan kitu oge kulantaran geus ka-
gok asong, sacutik Murdasim teu aja niat bajang nge-
djat satundjang beas² atjan, tuluj ngabagi panondjona bis-
aja nu ngabongohan, sakilat Murdasim naradjang deui,
Sulaeman kalawan ngagunakeun bedogna. Gerakna Mur-
dasim katjida hebatna matak kaget nu djadi lawan, ku
ajana mireungeuh bedog terus terusan ngubeng, huak
hiuk dibarengan ku gerakan badan nu bese pisan diidjir-
na pikeun ngudagna.

Puguh we eukeur mah Sulaeman sasatna tas sare
anu tangtu kana luluugu keneb teh. katambah djol² di-
taradjang kalawan nampa panggempur nu sakitu matak
rentag bate, munasabah pisan mun Sulaeman terus te-
rusan kasered, antukna mah manehna ngadjeblog nang-
karak bengkok, lantaran baya barita rek disabet tjang-
kengoa teh manehna gantjang ngedjat bari suku rada pa-
gedjed pikeun malik njerang, atuh dina rek ngarobah
pasanganana teh teu aja waktu lantaran kaburu kapiheu,
laan peureup kentja Murdasim njajang dina dadana, atuh
blak wae nangkarak bengkok malah baterana anu dipa-
ke andelan teh ngatjleng heug djaub naker euweuh bahan
bisa katjokot.

„Eureun ka!” Gunawan ngagorowok bari sa-
kilat manehna luntjat lantaran mireungeuh bedog Mur-
dasim geus diheumbatkeun deui rek ngahantja badan

Sulaeman nu harita geus teu bisa gerak.

Tapi gerakna bedog Murdasim katjida tjepetna, manehna teu miresea kana panghalang gorowokna Gunawan bedog malah terus njuruntul, sedeng Sulaeman ngan ukur bisa ngisedkeun sirah, hiuk plek bedog Murdasim ngahantja taktak.

„Aduuh uuh !” Sulaeman ngadadak ngagerung bari panon duanana dipeureumkeun nahan kanjeri badanna terus ngagulipak.

Sakitu kaajaan Sulaeman geus ngadjoprak teh, ka ngaran² djalma djabat mah teu kapalang njeun peta si-ga nu edan, bedog Murdasim diambat deui, tjeuk pikirna meul blang kumapalang, harita kabireungeuhan beuteungna Sulaeman ngabuliklak teu katutupan badju, nu mak-sudna rek ditigas.

Atuh tumerapna kana diri Sulaeman mani ngalenjap ningali bedog geus ngantjam badan, nepika panon duanana dipeureumkeun rapet naker, tjeuk batinna pasti ajeuna bakal nemahan adjal ku dirandasa ku deungeun, sedeng manehna bororaah bisa hodjab, ngan ukur sumerah raga djeung njawa kanu kagungan, sasat ngarasakeun kanjeri nu tumiba kana taktakna oge lain dikira

Kolebat bedog ti Murdasim njuruntul dina ka-tjepetan nu luarbiasa. „Trasak !” Ngadadak bedog Murdasim teu pupugub awor djeung hidji barang nu tarikna kaiwat saking, nepika buri-jak bidjil seuncu.

Murdasim nu kaitung tanagana rasa satanding tana*

ga banteng teh kuat ka kuda²na padjengkang teu more-
nah pikeun diaaimbangan badan.

„Tahan heula..... ka!” Gorowokna Gunawan ba-
reng djeung ngabiukna kampak nu dipake ngabanting
bedog Murdasim kuat ka awor.

„Naon sia setan..... ?” Murdasim njentak sorana
teu beda ti gelap nu matak nimbulkeun rentagna hate
bari panon ngarindat teu beda ti mata sioga ngareret
kaou ngabadang, ana breh teh boreng muridna keneb.

„Ieu teh aka.....?” Gunawan nanjana leuleuj siga
nu pura pura sangkan Murdasim lemah kalawan nga-
batalkeun permaksudanana.

„Montong ojebut uku aka sagala sia Rawing..... !
Kamari ieu sia murid aing soteh, tapi ku ajeuna geus
lain lainna deui nu hartina sia djeung musuh. Ieu sia ka-
na keketjapan aing tibeula, sakali musuh tetep musuh moal
bisa putus satungtung pada² masih ngadjunggiring ba-
rungkeuleukan bisa neuleu si anu..... !” Pekna Mur-
dasim nja kasar nja garihal abcnkkena djalma kawalat
dibarung ku rumeoghap napas nu keur meudjaubna nga-
golak amarab.

„Leres aka pisanggem aka anu nembe teh teu sulaja
mung bae pangenut abdi nu nembe hirup kamari sore,
tetep aka teh guru abdi, sanes musuh satru kabujutan.
sanes lawan pitangtangeun, djelas abdi murid aka.” Tem-
balna Gunawan tetep mere leuleuj ngebrehkeun budi

marahmaj kalawan teu ngised tina tempatna.

„Hubb! sia goblog..... Montong diadjar tja petang njarita, norowetjo bari ngatjo sia bagong. Salu hurna taktak sabandapna bulu deuleu, halik barina oge sia njingkab, taja hartina ngahalang halang kana maksud aing, na manusa ieu teh bubujot sia ? Paingan mumul digubug usaha tangkurak sia gegebir rawing da eta djadi mata mata musuh didalam selimut tjungur sia!

Geus sabaraha poc babatok sia boga rentjana djadi oraj hulu dua teh rawing ? Humajua tangkurak sia kakara nengtet diadjar gede babatok.” Murdasim ama, rahna teh lain dikira maui lak lak dasar njarekan Guna wan, mun nawu tjai sumur tea mah koredas ka tjadas tjadasna.

„Keheula sing sabar ka! Mugi dangukeun kalajan disarengan ku emutan anu tenang sarta tiis bari njaring tjaang elingan! Leres ieu djalmi nu nembe ditandasa ku aka sanes wargi abdi tea mah, namung abdi wadjib melaan ka sasama umat Pangeran nu keur aja dina karerepet, nu hartosna urang teh wadjib sili asuh sili asih, tetebibeun kana sili bere ku harta ku banda atuh ku ta naga² anu sakira kadada kaduga.

Upamina aka mendak karerepet sok komo aja dina antjamau nu tos nganggang baris tjilaka, heg aja nu nulungan, naha moal matak djadi untung naha teu matak djadi alusna? Tjobi emutan ku aka upami lere³

aka ngangken parantos tjukup ku elmu djambér ku pangabisa tur kapatri ku pangarti boh lahir boh batin, kilang kitu diri abdi ku aka disebatkeun kakara nengge, upami dina buab mah nembe pentil." Tembalna Guna, wan malik mere weweling kanu geus rek tjetuk huis.

„Ha ---- ha ha ----! Rawing pikeun aing geus tjukup njaho rasana ujah njaho bidjil djeung su rupna panon poe, bataan bebendul sia nu kakara njaho wungkul tanpa neuleu buktina. Sanadjan tjaitaan sia norostos norowelang lir katjang ninggang kadjang oge, ka tjangkeul² tjareham tetep euweuh gunana diebrehkeun kadiri aing, nu teu aja bedana lir manusa ngawarah ngo^a djaj kameri. Djung angguran kaditu geura njingkah ulah pipilueun kana urusan batur, aing manglebarkeun kana^a diri sia masih keneb bakal." Murdasim tetep teuas nga^a badeg lir tunggul kalapa bari nekad bedogna diatjungkeun deui nu maksudna rek namatkeun njawana Sulaeman.

„Moal tiasa aka sarebu kali aka dug adugan hajang mindo permaksudan namarkeun njawana kana Sulaeman oge, kanggo abdi taja bajana tjitjingeun, Margi tetep abdi moal pukah njekel pepeling ti ujut Sahmad nu hartosna abdi wadjib ngabasmi djalmi nu bias dab sanaos dugika raga abdi ngabanusan djadi gegentos anu bade dibinasa." Abirna Gunawan hoga hate gilig kuu kuma engke tetep rek bebel pati, sedeng Murdasim tetep njeureudeug.

„Aeb² maneh teh keukcuh wae rek ngabalang

halang kana maksud nu djadi guru, Rawing.....?"
Murdasim njentak bari panon mani bontjelic bidjil ka^o
beh. Atuh puguh wa munasabah matak ngeunah keur
malikeun omonganana.

„Heheh ----!“ Gunawan memeh ngomong teh seuti
beula nu ngandung harti edjekan. „Asa lieur kana uteuk^a
na abdi mah aka, pan tadi sanggem aka sanes
guru, hartosna aka teh musub abdi, sakali musuh tetep
musuh.”

„Njaan sia teh rek ngabangkang Rawing ?”

„Mungkin kana kitu..... margi sing saha nu bade
ngabinasa sasama hirup kalawan katingali ku panon abdi
tetela eta nu boga niat basud teh pilawancun abdi.”
Tembalna Gunawan nadjan singkat tjukup tegas bari
panon ngareret ka Sulaeman nu harita keur ngolesed
rek hudang.

„Alah..... humajua pisan sia Rawing ! Lutju
naker sia diwarah ku aing bulan² teh ahirna mah nu
asih dipulang sengit, anggur rek nintjak hulu ! Bacu
sia Rawing ari geus boream hirup mah, tarimakeun
ku sia murid kawalat !” Tjeuk Murdasim anu teu
talangke deui tuluj ngabeumbatkeun bedogna mani ngaw
hiuk mapag angin.

Tapi tatjan oge Gunawan ngagunakeun gerakna pi^o
keun ngabindarkeun babaja nu geus ngantjam, dadak
dadakan nu rek mahala teh keukeuleuweuhan matak
nimbalkeun kaget nu njaksian lantaran harita waktu

Murdasim sakeplas²seun rek ngahantja badan Gunawan, teu kanyahoan aja sora nu ngahiuk hangbaraan ana malik djret sirahna aja nu ngabentar, atuh tumerapna teh rada tiukup uleng, kaajaan Murdasim teu beda ti hajam katutu, badanna mani mub lir koletjer bari ngagorowok teh sirahna ditatangkeup djleng hidji djalma luntjat ngadjega hareupeun Murdasim.

„Ha ha ha ku naon andjeun teh Murdasim ngadon pupuntiran kitu bari nangkeup hulu ricut djangar atawa boga panjakit tudjuh kuriling? Na atuh bet karooch teuing ku wawanen murid, geus we aja acak guludag ngabentar hulu silaing! Rek djodjoh parutunggalan mah tong djeung murid bisi njandang wiwirang dikolong tjabat, pajundang satutup umur, dina unggul na kuriak dibasakeun kadongdora nu euweuh hartina, moal narima badiab bintang prung ajeuna mah urang sili djadjal tanaga ngagunakeun pangabisa djeung kaula Murdasim.” Tjeuk eta djalma nu ngolebat tuluj nangtang ngadu djadjaten ka Murdasim, anu kakara kabireungeub ku Gunawan jen eta djalma teh horeng si Didi, sedeng Antasim keur ngadedeng sisi pager ngadjaga bisi baturna Murdasim tuluj ngudag deui.

„Memang aing bunggu saba² oge babi!” Sentakna Murdasim ngadadak tas sirahna uleng teh ngadjorelat bari njeureudeug, sedeng bedogna manjo ka hareup rek nobros kekemplong lawanna, anu teu wudu Didi tjing. tjeung manehna ngagencak ngadengdekkeun badan, biur

lontjat sahibas dada Murdasim bareng dampal leungeun nu kentja ngabintih gado. „Djebet.....!” leagak Murdasim ngalenggak, tjlek suku Didi napak kana taneuh bari teu mitjeun waktu.

Sebrut naradjang ngaguoakeun nobros gunung, peureup katuhu sakitu kekerna teh njolodor rek notog hulu angen, ngan bae pikeun Murdasim lain djago sakatiga goreng²na oge tukang ngagurukeun. waktu rek ditotog hulu angenna teh ngagentak njingtjet, atuh blos wae timpugan Didi ukur mapag angin, ngan manehna gentak mundur deui ngenjed leungeunna lantaran kabireungeuh bedog Murdasim ngolebat rek nigas pigeulang, handjakal sukuna telat rek nge²jat kaburu ka tjorok kuda? ti Murdasim, timbulna badan Didi ngalagedaj beurat ka tukang, antukna blak nangkak bengkaang.

Hiuk,..... bedog Murdasim ngaberik rek ngabeue² jabkeun tarang Didinu geus matak paur anu neuleu, tapi njakitu pikeun Didi oge kawilang tjukup kesit, manehna ngagentak njeun gerak gorengtel peusing, nu djadina bedog Murdasim ukur ngahakan taneuh.

Bareng djeung ragragna seuseukeut bedog kalawan badan Murdasim rada jongko kabawa ku gerakna leu² ngeun nu teu bisa ditahan ku kakuatan suku, pundukna diketig ku tanaga leungeun nu lain lumajan rasana, nepika terpaksa badan Murdasim ngageblug nangkuban.

Siet..... Didi ngalugas bedogna sarta diambat rek nutug tjangkeng Murdasim nu kabireungeuhna pasti pa²

ragat, tapi teu sangka manehna kesit ngagorentelkeun badan bareng djeung bedogna njamber rek njatjar boga langkeun bitis Didi. Tapi njakitu manehna ngaberesat luntjat kaluhur, aja salamet teu katjatjar bitis, teu ku hanteu tjalana pangsina kadjambret ku djalan gerakna leungeun Murdasim, atuh djuralit blug badan Didi ragrag datangna teh nangkarak pisan sedeng bedogna kuat ka luntjat aja kana sababaraha meterana.

„Ha ha ha! Gaura sasambat ka indung bapa sia, sumeren kana papasteo masrabkeun raga djeung njawa, ulah melang ulah nineung ka anak djeung pamadjikan tjukup umur sia sesemet peuting ieu!” Pokna Murdasim nu dipihelaan ku seuri bangun nu ngeunah boga dir pasti bisa namatkeun njawa lawanna ku tindakan bedogna njuruntul rek niir ge, rak iwak nangtang sudjen.

Hantjaeun

oooooooooOooooooooo

Antos Medalna:

„SIRAWING DJAGO TIPA KIDULAN”

Djilid ka 7.

Karanggaan: TATANG K S.

Telah diperiksa dan disetudjui untuk diedarkan
Idzin No 453 . 1. / NBT / BNI / 70
KOMDAK VIII DJABAR „Langlang Buana”
